



**MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF
DEVELOPMENTAL SERVICES**

**Executive Office of Health and Human Services
Marylou Sudders, Secretary
Department of Developmental Services
Elin M. Howe, Commissioner**

**APLIKASYON POU SÈVIS EKSEPSYON POU MOUN MAJÈ
LAKAY YO AK NAN KOMINOTE YO**

Pou w kapab kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè DDS yo, ou dwe:

- Genyen yon andikap entelektyèl, dapre sa DDS kwè ou genyen;
- Satisfè kondisyon kalifikasyon pou Medicaid yo;
- Genyen omwen 22zan kòm laj ou, oubyen pi plis;
- Satisfè kondisyon gouvènman federal pou pwogram eksepsyon, tankou kalifikasyon pou antre nan yon Sant Swen Entèmedyè pou Moun ki Gen Andikap Entelektyèl (Intermediate Care Facility for people with Intellectual Disabilities, ki rele tou ICF/ID — Nan Massachusetts, yon ICF/ID se yon gwo sant);
- Chwazi pou w resevwa sèvis ou yo nan kominote a, pase pou w ta ale nan yon enstitisyon; epi
- Resevwa yon evalyasyon ki montre ou bezwen youn oubyen plizyè sèvis eksepsyon.

Genyen 3 diferan kalite Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè nan DDS

Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a, se pou moun ki kapab viv poukont yo lakay yo oubyen kay fanmi yo, avèk yon konbinezyon sèvis natirèl/enfòmèl ki byen òganize, mete avèk sèvis jenerik ak Medicaid.

Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, se pou moun ki kapab viv nan kay fanmi yo oubyen kay yon lòt moun, san yo pa bezwen sipèvizyon 24 sou 24, 7 jou sou 7, avèk yon konbinezyon sèvis natirèl, sèvis jenerik ak Medicaid.

Pwogram Eksepsyon Entansif la, se pou moun ki bezwen sipèvizyon ak sipò 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan yon kote ki pa lakay yo ni kay yon fanmi yo, paske yo gen bezwen enpòtan pou swen konpòtmantal, medikal, ak/oswa fizik, epi yo pa ka jwenn sèvis natirèl, oswa jenerik, oswa nan Medicaid.

BIWO REJYONNAL DDS

**Nòdès: Hogan Regional Center, P0 Box A, Hathorne, MA 01937
Amanda Chalmers, Direktè Rejyonnal (978) 774-5000**

**Sant Wès: 140 High Street, Sal 301, Springfield, MA 01105
Daniel Lunden, Direktè Rejyonnal (413) 205-0800**

**Metwo: 465 Waverley Oaks Rd., Sal 120, Waltham, MA 02452
Gail Gillespie, Direktè Rejyonnal (781) 314-7500**

**Sidès: 68 North Main Street, Carver, MA 02330
Richard O'Meara, Direktè Rejyonnal (508) 866-5000**